



Byenveni Nan

Kindergarten!

2018-2019



Entwodiksyon nan Kindergarten!

Premye jou lekòl pral youn nan jou kap pi enpotan nan lavi pitit-ou. Menm si se pa premye jou lekòl pitit-ou, Kindergarten kapab difisil, eksitan e amizan!



Talan pitit-ou pral pratike chak jou nan kindergarten se blòk pou bati siksè-li nan lekòl ak lavi pou le fiti. Anpil fwa pwosede pi enpotan ke pwodwi-a, e aprann finn fèt ak bagay ke ti moun ap fè, ap manyen e ap fè eksperyans. Ti moun nan Kindergarten aprann pi byen lè yap chante ak resite, fè eksperyans, e travay nan gwoup oubyen ak yon patnè. Standa pou Kindergarten di e yap pare pitit-ou pou li aprann pandan tout lavi-li.

Travay ak pwofèsè pitit-ou pou ogmante enpotans edikasyon se bagay ki pi enpotan pou yon ane skolè ki genyen anpil siksè. Patisipasyon-ou, enterè-ou ak antouzyasm-ou ap fè ane kwasans sa-a vinn tounen yon bel eksperyans pou ou ak pitit-ou. Nou espere ke ouap jwenn ti brochi sa-a Fòmativ e itil.

Devlopman Sosyal E Emosyonel



Ti moun ki genyen talan sosyal emosyonel ki byen devlope kapab jere santiman-yo pi byen e yo kapab repòn sou santiman lot moun yon jan ki pi èfikas.

Kindergarten se yon ane pou kwasans sosyal, emosyonel, fizik ak entelektyel. Yon fokis majè nan Kindergarten se sou devlopman tout aspe ti moun-la. Pwofèsè-yo ap gade tout aspe yon ti moun pou gide desizyon yo pran nan sal de klas.

Kindergarten se yon nivo kote moun wè anpil kwasans ak matirite devlope sou yon ane tan. An plis de zafè aprann li oubyen amelyore talan matematik, ti moun-yo ap tou aprann leson lavi ki tre enpotan konsènan talan sosyal, responsabilite ak endepandans.

Strateji Matematik

- Fè 'flashcard' ak chak nimerò de 0 a 5, e apre ajoute plis nimerò lè talan-yo ap ogmante. Jwe jwèt “Go Fish!”, “Memory”, oubyen fè pitit-ou ranje bagay pou ale ansanm ak nimerò sou kat-yo.
- Pratike konte objè nan kay-la tankou liv, soulye, jwèt, kreyon, blòk, kidan, etc. Fè ti moun-yo bouje objè lè yap konte yo. Eseye konte jis a 20.
- Sèvi ak vokabilè matematik! Dekri bagay tankou wo, kout, won, dwat, lou, leje, anlè, anba, sou kote, mwens ke, plis, pi gran ke, pi pitit ke, etc.
- Fè pitit-ou ede ou separe lesiv. Melanje chosèt-yo e mande pitit-ou separe-yo.
- Jwe jwèt sosyete kote pitit-ou bezwen roule yon de e konte kantite espas.
- Desinen plizyè fòm odinè e pale sou ki jan yo menm ak diferan. Sèvi ak mo tankou bò ak kwen lè ouap dekri fòm-yo.
- Pratike ajoute e retire ti nimerò piti, tankou $1+3$ oubyen $5-4$. Sèvi ak objè reyèl pou reprezante nimerò-yo.
- Fè pitit-ou ede ou mezire engredyan lè ouap fè manje. Bagay sa-a kapab fasil tankou konte 3 ze oubyen sèvi ak tas mezi ak asistans.
- Fe ti moun montre ou anpil fòm diferan nan anvirònman.


Anglè/Ar Langaj & Strateji Alfabetizasyon

- Li, li, li! Li bay pitit-ou, li ansanm ak pitit-ou, e tande sa pitit-ou ap di lè l'ap repete yon istwa.
- Pandan ouap li, pale ak pitit-ou sou sa kap pase nan istwa, kisa li panse kapab rive nan istwa, e mande li pou opinyon-li sou sa ouap li.
- Vizite bibliotèk piblik, pran yon kat bibliotèk pou pitit-ou, e mande moun bibliotèk-yo si yo genyen bagay ki rele "story times".
- Fè pitit-ou desinen imaj kap montre sa l'ap li. Pale sou sa kap pase nan imaj-yo.
- Ede pitit-ou ekri non li. Pale sou lèt-yo ki nan non pitit-ou e sou ki son chak lèt ap fè. Ede pitit-ou aprann non lèt-yo pou majiskil e miniskil.
- Ankouraje pitit-ou pale ak fraz konplèt e montre li ki jan pou rete tann plas li lè l'ap pale.
- Fè 'flashcards' ak ti mo fasil tankou *a, the, of, to, I, is, are, you, my*, etc. Montre li mo sa-yo lè ou wè yo nan yon liv oubyen yon bilbòd.
- Li liv fiksyon ak non romanèsk (gade lis liv-yo sou paj swivant pou kèk ide). Pale de liv-yo e sèvi ak mo kesyon (tankou kilès, pou kisa, ki jan, ki kote, ki lè, kisa).
- Pale ak pitit-ou sou sa kap pase pandan ke ouap li (montre panse a vwa wot konsènan teks-la).


Kapasite Pou Misk Gwo Misk Ak Piti Misk-Yo

- Aprann piti-ou kenbe yon kreyon korekteman. Bay li kreyon, anvlop, diferan kalite papye pou pitit-ou kapab pratike ekriti.
- Bay pitit-ou plizyè kalite puzzle pou li ka konplete. Lè li piti toujou komanse ak puzzle ki genyen gwo pyès e pwogrès nan ki pyès ki pi konplike lè pitit-ou ap grandi.
- Fè pitit-ou sèvi ak yon boutèy sprè ak dlo ladan pou li wouze plizyè bagay. Bagay sa-a kapab yon bel aktivite ke li kapab fè deyò lè soley la cho.
- Fè pitit-ou komanse chire plizyè moso papye. Kou li pare, fè pitit-ou sèvi ak sizo pou li koupe papye koulè nan yon varyete fòm.
- Fè pitit-ou pratike ekri lèt alfabè. Bagay sa-a se yon bon aktivite pou fè nan sab oubyen sou yon tablo blan. Ou kapab fè pitit-ou komanse trase lèt-yo ak yon koulè diferant apre ke ou finn ekri lèt-yo lejèman.
- Jwe! Jwenn yon plenn de je lokal oubyen yon ‘splash pad’ pou ti moun jwi soley cho.
- Kouri, sote sou yon pye, sote lwen, atrape e voye yon bal jete se bagay ti moun kapab aprann deyò.
- Jwe “animal walks (mache bèt)” kote ti moun ap imajinen ke yo se yon bèt, aji e fè bri tankou bèt-la.
- Pratike mache sou plizyè liy tankou liy dwat, koube ak zig zag.


Tranzisyon nan Kindergarten Lis Liv Pou Ti Moun




Miss Bindergarten Gets Ready for Kindergarten by Joseph Slate




The Twelve Days of Kindergarten by Deborah Lee Rose




Countdown to Kindergarten by Alison McGhee



Look Out Kindergarten Here I Come by Nancy Carlson



Kindergarten Rocks! by Katie Davis



When You Go To Kindergarten by James Howe with photographs by Betsey Imershein



Kindergarten, Here I Come! by D.J. Steinberg



A Place Called Kindergarten by Jessica Harper



Welcome to Kindergarten by Anne Rockwell



Annabelle Swift Kindergarten by Amy Schwartz



Konsej Pou Yon Ane Plen Sikse

Men kèk fason fasil pou fè pitit-ou vinn eksite aprann:

- Pale ak pitit-ou sou lekòl, poze kesyon, e montre li ke ou enterèse nan sa pitit-ou ap aprann.
- Bay eksperyans aprantisaj andeyò sal de klas-la. Sou paj kap swiv genyen yon lis kontak pou Sant Syans, Zoo, Mize d'Ar, ak bibliotèk piblik.
- Li bay, li avèk e pale ak pitit-ou konsènan sa ouap li ; poze kesyon konsènan teks-la pandan ouap li.
- Ankouraje pitit-ou desinen. Pale e ekri sou sa l'ap desinen. Bay materyel ar pou li kapab ekspriye tèt-li libreman.
- Limite tan nan televizyon ak konpyoutè. Tou le de kapab edikasyonel me ekspè nan devlopman ti moun rekomande pou tan-a limite.
- Lè papyè soti lekòl rive lakay-ou, pale de yo ansanm ak pitit-ou. Bagay sa-a pral kominike ke lekòl se yon bagay ki enpotan pou ou jan li ye pou pitit-ou.
- Chante oubyen resite kontinn anfantinn ak chansonèt. Jwe jwèt ak mo-yo.
- Devlope woutin pou chak jou avan e apre lekòl.
- Sèvi ak yon kalandriye pou pataje evènman kap vini e pou aktivite apre lekòl-yo.



Enfomasyon Skolè



[OCPS Find My School](#)

Klike sou lyen pi wo si ou bezwen jwenn lekòl ki deziye pou adrès ou.

[OCPS Extended Day Enrichment Program](#)

Pwogram Anrichisman Jounen Long ap ofri sipèvizyon ak yon varyete aktivite anrichisman pou ti moun ki nan kindergarten jis nan 5^{yèm} ane. Pwogram-la sipote ak fre ke moun kap itilize sèvis-yo ap peye.

La plipa nan lekòl elemantè-yo ap ofri Pwogram Anrichisman Jounen Long ke Lekòl Piblik Oranj Kanti ap fè. Kèk pwogram lekòl elemantè ofri pa founisè ki andeyò.

[OCPS Food and Nutrition Services](#)

Sèvis Manje ak Nitrisyon Lekòl Piblik Oranj Kanti ap ofri lunch ki gen bon valè nitrisyon gratis oubyen ki pa koute chè pou ti moun chak jou lekòl pou yo kapab moun sen dapre gid ke USDA ap bay.

[OCPS School Health Services](#)

Enfimyè Sètifye ap veye e yap bay pèsonek lekòl-la konsey nan tout distrik. Chak ane skolè, paran oblije konplete yon fòm Ranseyman Irjans pou Etidjan ak non e nimero telefòn moun ki otorize vini pran pitit-ou si yo pa kapab jwenn ou. Nan yon irjans, yo kapab rele 911-la.

- Lè ti moun malad (anpil touse, move grip, vomi, dyare oubyen lafyè), tanpri pa voye yo lekòl.
- Règleman Oranj Kanti mande pou tout medikaman preskripsyon oubyen ke nou achte nan magazen ke etidjan ap resewa pandan yo lekòl bezwen kenbe nan biro enfimyè lekòl-a.
- Lekòl pa kapab bay medikaman san bon jan otorizasyon.
- Etidjan ki bezwen yon medikaman preskripsyon bezwen genyen fòm apwopri ke paran oubyen gadyen siye.
- Paran oubyen gadyen bezwen pote medikaman nan anbalaj orijinal-li nan lekòl.



Resous Pou Paran

The Center on the Social and Emotional Foundations for Early Learning
Aprann pitit-ou ki jan pou li vinn endepandan ak woutinn chak jou

http://csefel.vanderbilt.edu/documents/teaching_routines.pdf

Florida Center for Parent Involvement

<http://cfs.cbcs.usf.edu/resource-centers/fcpi/transition.cfm>

Florida Office of Early Learning
Tranzisyon nan Kindergarten

http://www.floridaearlylearning.com/parents/parent_resources/transition_to_kindergarten.aspx

National Institute for Literacy

Ki jan paran kapab ede ti moun kindergarten aprann li

https://lincs.ed.gov/publications/pdf/Shining_Stars_Kindergarten.pdf

National Education Association

Gid Pou paran pou Siksè

http://www.nea.org/assets/docs/HE/44013_NEA_W_L6.pdf

Orange County Public Schools

www.ocps.net

Reading Rocket

Montre chimen Kindergarten bay ti moun andikape

<http://www.readingrockets.org/article/paving-way-kindergarten-young-children-disabilities>

Kalandriye Aktivite Pou Ete



| | | | | |
|---|--|---|--|--|
| Vizite bibliotèk piblik jodi-a; pran anpil bel liv pou ete. | Ale a la chas pou fòm; chèche tout sek, kare, Triyang ak rektang ke ou kapab jwenn lakay ou oubyen deyò. | Pratike tache soulye-ou. | Chante chanson sou konte e li liv sou konte tankou “One, Two, Buckle My Shoe” ak “Ten Little Monkeys”. | Pale de yon bagay ki te fè ou tris e kisa ou te fè pou santi ou pi byen. |
| Sèvi ak sizo ak moso papye pou pratike koupe zigzag, liy dwat ak won. | Desinen tèt ou; Ekri non-ou ak laj ou sou li. | Ale nan www.storylineonline.net pou tande yon liv. | Pratike di nimero telefòn ak adrès-ou. | Konte Kantite objè nan yon gwoup jis nan 10 objè. |
| Sèvi ak lakre pou pratike ekri lèt ak nimero deyò. | Pataje yon jwèt ak yon zanmi | Li yon liv ki gen rim; Alize ou ak rim e ak son mo-yo. | Fè yon desen katye-ou. Sèvi ak mo e fraz direksyonel tankou a kote e a sou kote dwat pou dekri desen-ou. | Sèvi ak dwèt ou pou pratike ekri mo fanmiye ak yon plato sel. |
| Fè yon desen sou vakans prefere ou oubyen yon kote ou ta renmen vizite. | Sèvi ak objè na kay-la pou kreye e etann motif. | Pratike ekri non-ou ak yon kreyon. | Ale a la chas pou son—jwenn bagay kap komanse ak plizyè son mo. | Li “Eating the Alphabet: Fruits & Vegetables from A to Z” pa Lois Ehler; eseye manje yon nouvo fwi oubyen legim. |
| Konte depi nenpòt ki nimero jis nan 30. | Jwe jwèt “follow the leader”: mache, sote, e sote sou yon pye. | Fè yon desen yon zanmi oubyen yon manm fanmi. | Mezire bagay ke ou jwenn nan kay-la. | Pale sou Kindergarten. Ki kesyon ou genyen? |

Kindergarten! ... here I come!



Pèsonel Distrik OCPS

Direktris Kirikilom ak Enstriksyon Elemantè:

Meg Bowen

Marguerite.Bowen@ocps.net

(407) 317-3200

Administratris Senyò Pou 'Early Childhood':

Pamela Clark

Pamela.Clark@ocps.net

(407) 250-6260

Pou plis Ranseyman:

Vizite sit entènèt nou nan

www.earlychildhood.ocps.net



**Orange County
Public Schools**